# Районалда т1оцебесеб ц1алул къо

## 1 сентябрь - лъайкьеялъул Къо

### Дилим росдал гимназиялда…

ТIоцебесеб сентябралда Дилим росдал гимназиялда тIобитIана лъайкьеялъул Къоялда хурхараб рохалилаб байрам. Кидаго гIадин, гьеб тIобитIана берцин, г1ахьаллъаразул рак1азе к1удияб асар гьабулеб къагIидаялда.



Баркиялъул ва лъай босиялъул нухда т1орит1иялъул раг1абигун к1алъазе рахъана – гьаб соналъ школа лъуг1ун унел ц1алдохъабазул къокъа ва цогидалги.

Гьениб, гIемерал соназ ракIбацIц1ад хIалтIарал, - Э.Р. Идрисовасе. К.Н. ХIасановасе, Х.Я. Джамиевалъе кьуна ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал шапакътал.

Лъималазда, умумузда, мугIалимзабазул коллективалда, ц1ияб сон баркун, кIалъана - гимназиялъул директор З.С. Темирбулатова, райадминистрациялъул информационниял технологиябазулгун ихтиярал рукIинариялъул отделалъул начальник Б.С.Нуцалов, тIоцебесеб классалъул цIалдохъан Пусман Качалаевасул кIодоэбел Татьяна Доронина.

Гьединго, гьенир кIодо гьаруна цIалулъ тIокIлъи бихьизабурал ва гимназиялда тIоритIулел тадбиразда жигараб гIахьаллъи гьабурал цIалдохъаби. Гьезиеги кьуна ХIурматалъул грамотаби.

ТIоцебесеб цIумур кьабизе ихтияр щвана 11-аб. ва 1 –аб. классазул цIалдохъаби: ПIалихан Темирсултановасе ва Мухлисат Ябузаровалъе.

*Ибрагьим ИДРИСОВ.*

### Лицеялда т1оцебесеб ц1умур

Дагъал церег1ан къояз Дилим росдал лицеялдаги рохалида к1одо гьабуна 1 сентябрь - лъаялъул Къо!



Гьенире г1ахьаллъана «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель Зикрула Эмеев, лъайкьеялъул управлениялъул х1алт1ухъан Г1убайдат Дадаева, методист Наида М.-х1абибова, муг1алимзаби, ц1алдохъаби ва улбул.

Гьенир к1алъазе рахъарал З.Эмеевас, Н.М.-х1абибовалъ, Г1.Дадаевалъ, С. Г1алиукъаевалъ ц1алдохъабазда баркана ц1ияб ц1алул сон байбихьи ва т1аде щвараб Г1идалъул къо. Гьарана гьезие талихI1аб г1умру ва ц1алулъ жеги ч1ах1иял бергьенлъаби. Ц1алулъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал ц1алдохъабазе кьуна Х1урматалъул грамотаби.

Данделъаразе лъик1аб асар гьабуна районалъул искусствоялъул школалъул, 2-аб.классазул ц1алдохъабазул, №3 «Къункъра» лъималазул ахалъул гьит1ичазул, 6-аб классалъул ц1алдохъан Аминат Г1азизовалъул, лицеялъул муг1алим Эльмира Г1алимхановалъул церерахъиназ.

Ц1ияб ц1алул сон байбихьиялъул ц1умур кьабизе изну щвана 11-аб. классалъул ц1алдохъан Мух1амад Гебековасе, т1оцебесеб классалъул ц1алдохъаби: Пат1имат Юсуповалъе ва Мустафа Г1алиукъаевасе.

Данделъи бачана 9-аб. классалъул ц1алдохъан Рукъият Г1азизовалъ ва культураялъул х1алт1ухъан Мух1амад Дудуевас.

*Сапият СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

### Гертмаялда…

Лъаялъул къо к1одо гьабуна Гертма росдал гьоркьохъеб школалда. Радалго школалъул азбаралде рак1арана къач1арал ц1алдохъаби, муг1алимзаби, администрациялъулгун росдал г1уц1абазул вакилзаби, умумул ва гьалбал.



К1алъазе яхъарай школалъул директор Загьрат Г1абдулмуслимовалъ ц1алдохъабазда баркана байрам ва ц1алулъ т1ок1лъи бихьизабурал ц1алдохъабазе кьуна Х1урматалъул грамотаби.

Гьединго, баркиялъул раг1абигун к1алъазе вахъана росдал администрациялъул бет1ер Зайнула Чалухов.

Байрамалъе хасаб берцинлъи кьолеб бук1ана т1оцебесеб нухалда школалде гали т1амурал гьит1ичазул гьурмазда рихьулел рази рук1иналъул гьимияз.

Т1оцебесеб ц1умур кьабизе ихтияр щвана Рамазан Шихалиевасе ва Мух1амад Байбулатовасе.

Байрам нухда бачана Равзанат Г1арацхановалъ ва Рауп Мусаевас.

*С.-М.САГИТМУХ1АМАДОВ, Гертма росу*

### Буртунаялда…

Т1оцебесеб сентябралда Буртунай росдал г1аммаб лъайкьеялъул гьоркьохъеб школалда т1обит1ана ц1алул сон байбихьиялъул х1урматалда рохалилаб данделъи.



Гьенир баркигун к1алъазе рахъана школалъул директор Ражаб Г1абдуев, гьесул заместитель Загьра Г1алиева, умумузул рахъалдасан Пат1имат Х1амзатова, школалъул муг1алим Зульфия Батаг1алиева, «Чапар» газеталъул бет1ерав редактор Мухтар Чупалаев.

Школалъул г1умруялде жанибе т1оцебесеб гали т1амулез рик1к1ана куч1дул, гьаруна кьурдаби.

Гьеб рохалилаб данделъи ахиралде щвана залалда тугьдузул квац1абигун, шарал-байрахъалгун г1одор ч1арал ц1лдохъабазда, муг1алимзабазда, умумузда цебе 9-аб. классалъул ц1алдохъан М-х1абиб Х1ажиевас ва т1оцее школалъул рагьде лъугьарай Сиядат Лах1итовалъ ц1умур кьабиялдалъун.

Данделъи бачана 8-аб.классалъул ц1алдохъаби: Гунащ Мусаевас ва Хадижат Г1абдулаевалъ.

Гьенире г1ахьаллъараз халатбахъараб хъатч1ваялдалъун, к1одо гьаруна школалъул художественнияб коллективалъул г1ахьалчаг1и Алжанат Х1асановалъул ва Рабият Гъазиевалъул церерахъин.

*Информцентр*

### В Калининауле…



Первого сентября, как и в предыдущие годы, в Калининаульской средней школе прозвучал первый праздничный звонок, который дал старт новому учебному году. Все было хорошо запланировано и тщательно подготовлено. Как никогда, представительным получился нынешний праздник первого звонка. Почетными гостями праздника были: глава МР «Казбековский район» Мусаев Г.Г., зам.главыШабазов И.И., уполномоченный Гайирбиев Г.Б. и другие. Ожидалось прибытие и других высоких гостей, но по уважительной причине, они не смогли принять участие в праздничном мероприятии. Живой интерес присутствующих вызвала программа праздника, состоящая из литературно-композиционного, песенного и музыкального репертуара, подготовленная заранее. Свою отдельную мини-программу представили будущие выпускники 2018 года. На стороне не осталась и группа новых членов школьного коллектива-первоклассников, которым предстоит до 2028 года постичь все тайны наук и их познание. Они представили короткую, но содержательную программу выступлений. С приветственной речью и добрыми напутственными словами выступили: Мусаев Г.Г., Шабазов И.И., директор школы Корголоева З.С.-а, заместитель директора Усманова Р.А.-в., глава АСП «с.Калининаул» Гаджиев Г.С., зав детсадом Омарова З.М., представители РУО и родительского контингента. В ходе праздника дирекцией школы были отмечены передовики учительского труда, отличники учебы, активисты, участники, призеры и победители рейтинговых конкурсных мероприятий различных уровней. Кульминацией праздничного торжества стал первый звонок в исполнении отличника, активиста общественной жизни школы Абдуразакова Магомеда и первоклассницы Фатимы Гантемировой. Дан старт новому учебному году, новым творческим поискам и достижениям. Пусть удачным, успешным и благополучным станет он для всего коллектива КСШ!

*К.Р.Махмудов, с.Калининаул.*

# ПРОКУРАТУРА РАЗЪЯСНЯЕТ:

## В законодательство внесены изменения, касающиеся порядка направления информации в информационную систему о государственных платежах

Федеральный закон «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации в связи с совершенствованием порядка и сроков направления информации в Государственную информационную систему о государственных и муниципальных платежах» принят Государственной Думой 20 июля 2017 года, одобрен Советом Федерации 25 июля 2017 года и подписан Президентом Российской Федерации 01 августа 2017 года.

Законом конкретизированы порядок и сроки направления банком или иной кредитной организацией, организацией федеральной почтовой связи, платёжным агентом, осуществляющим деятельность по приёму платежей физических лиц, или банковским платёжным агентом (субагентом) сведений об уплате административного штрафа в Государственную информационную систему о государственных и муниципальных платежах.

Помимо этого Федеральным законом уточняются требования к судебному акту, акту органа, должностного лица о наложении административного штрафа в части включения информации, необходимой в соответствии с правилами заполнения расчётных документов на перечисление суммы административного штрафа.

Установлено, что со дня возбуждения исполнительного производства информация, необходимая для взыскания задолженности по исполнительному документу, направляется Федеральной службой судебных приставов в Государственную информационную систему о государственных и муниципальных платежах в порядке и сроки, предусмотренные частью 5 статьи 21.3 Федерального закона от 27 июля 2010 года №210-ФЗ "Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг". Банк, иная кредитная организация, организация федеральной почтовой связи, иные органы и организации, через которые производится уплата денежных средств в счет погашения задолженности по исполнительному производству, обязаны направлять информацию об их уплате в Государственную информационную систему о государственных и муниципальных платежах в порядке и сроки, предусмотренные частью 4 статьи 21.3 Федерального закона от 27 июля 2010 года №210-ФЗ "Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг.

Кроме того указано, что государственные и муниципальные учреждения незамедлительно не позднее дня осуществления начисления суммы, подлежащей оплате заявителем за предоставляемые услуги, иных платежей, являющихся источниками формирования доходов бюджетов бюджетной системы Российской Федерации, а также иных платежей, в случаях, предусмотренных федеральными законами, а при ее начислении после 21 часа по местному времени - не позднее дня, следующего за днем начисления, обязаны направлять информацию, необходимую для ее уплаты, в Государственную информационную систему о государственных и муниципальных платежах.

……………………………………………………………………………

## *О хранении и предоставлении информации хозяйственными обществами*

Федеральный закон «О внесении изменений в Федеральный закон «Об акционерных обществах» и статью 50 Федерального закона «Об обществах с ограниченной ответственностью» принят Государственной Думой 19 июля 2017 года, одобрен Советом Федерации 25 июля 2017 года и подписан Президентом Российской Федерации 01 августа 2017 года. Внесенные изменения в Федеральный закон «Об акционерных обществах» определяют перечни документов и информации, к которым акционерное общество обязано обеспечить доступ по требованию акционеров, а также по требованию акционера (акционеров), владеющего не менее чем одним процентом голосующих акций общества, и по требованию акционера (акционеров), владеющего не менее чем 25 процентами голосующих акций общества. Также устанавливается, что в требовании акционера (акционеров), владеющего менее чем 25 процентами голосующих акций общества, о предоставлении документов и информации, предоставляемых по требованию акционера (акционеров), владеющего не менее чем одним процентом голосующих акций общества, должна быть указана деловая цель, с которой запрашиваются документы.

Кроме того, уточняются нормы, касающиеся предоставления обществом доступа к документам и информации, а также предусматриваются условия, при наличии которых общество вправе отказать в таком доступе.

В Федеральном законе «Об обществах с ограниченной ответственностью» определяется перечень документов, к которым общество по требованию участника общества обязано обеспечить ему доступ, а также уточняются положения, касающиеся предоставления доступа к документам.

……………………………………………………………………………

## Внесены изменения в Гражданский процессуальный кодекс Российской Федерации

Федеральный закон «О внесении изменений в Гражданский процессуальный кодекс Российской Федерации» принят Государственной Думой 19 июля 2017 года, одобрен Советом Федерации 25 июля 2017 года и подписан Президентом Российской Федерации 01 августа 2017 года.

В целях совершенствование процедуры рассмотрения гражданских дел внесены изменения в Гражданский процессуальный кодекс Российской Федерации.

В частности, исключается принцип непрерывности судебного заседания. Кроме того, определен порядок исследования доказательств после отложения разбирательства дела, а также порядок восстановления пропущенных процессуальных сроков подачи кассационных и надзорных жалобы, представления.

Так, Федеральным законом из статьи 157 Кодекса исключается положение, касающееся непрерывности судебного заседания, при этом предусматривается возможность рассмотрения судом других дел во время перерыва, объявленного в судебном заседании по начатому делу. Из статьи 169 Кодекса исключается правило, согласно которому разбирательство дела после его отложения начинается сначала.

Федеральным законом устанавливается компетенция непосредственно судьи Верховного Суда Российской Федерации по разрешению вопроса о восстановлении пропущенного срока подачи кассационных и надзорных жалобы, представления (ранее такое заявление подавалось в суд, рассмотревший дело в первой инстанции).

***Заместитель прокурора района, Х.А. САЛИМОВ.***

## *ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 7*

**от 29.06. 2017 г.**

***Об утверждении Плана реализации генерального плана сельского поселения «село Дылым» Казбековского района***

В целях обеспечения эффективной и последовательной работы в соответствии статьи 26 Градостроительного кодекса РФ реализации генерального плана в предусмотренные проектом этапы 2017-2025 годы администрация сельского поселения «село Дылым»

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1.Утвердить План реализации Генерального плана сельского поселения «село Дылым» на 2017-2025 годы согласно приложению;

2. целях своевременного определения финансово-экономического обоснования реализации генерального плана последовательно обеспечить проектно-сметную документацию на строительство объектов приоритетных направлений, предусмотренных генеральным планом для социально-экономического развития поселения муниципалитета на намеченные периоды;

3. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Чапар»;

4. Контроль исполнения постановления оставляю за собой.

***Глава АСП «село Дылым» И. М. МАГОМЕДОВ.***

# В поддержку многодетных семей...



В Минтруде России, комментируя предложение уполномоченного при президенте РФ по правам ребенка Анны Кузнецовой, рассмотреть вопрос повышенного пенсионного обеспечения для многодетных родителей, сообщили, что ряд мер в поддержку многодетных мам уже реализуется.

"Уже сегодня многодетные мамы поддерживаются в рамках пенсионного законодательства. В страховой стаж, наравне с периодами работы, засчитывается период ухода одного из родителей за каждым ребенком до достижения им возраста полутора лет. Раньше, если детей несколько, в общей сложности, засчитывалось не более трех лет", - сообщили РИА Новости в пресс-службе ведомства.

В министерстве пояснили, что раньше фактически действовала норма, включающая периоды ухода только за двумя детьми до достижения ими полутора лет. В настоящее время этот период увеличен до шести лет, то есть, в страховой стаж засчитывается период ухода за четырьмя детьми. В результате, это позволяет многодетным мамам, при выходе на пенсию, рассчитывать на более высокие пенсии, чем ранее, подчеркнули в Минтруде.

"Кроме того, многодетные матери, воспитавшие пять и более детей, имеют право на выход на пенсию на пять лет ранее общеустановленного возраста – в 50 лет", — добавили в пресс-службе.

***РИА «Новости».***

# *Берегите зубы*

Состояние зубов серьезно влияет на внешний вид, настроение, поведение и здоровье вашего ребенка. Самой распространенной болезнью зубов является кариес-разрушение коронки зуба с образованием в ней полости. Если такой зуб сразу же не запломбировать, то спустя некоторое время воспалится зубной нерв и возникает нестерпимая боль. Больные зубы являются очагом инфекции и могут стать причиной развития многих заболеваний.

Кариозные зубы появляются у ребенка уже после 3 лет. Однако, в 10-12 лет, когда молочные зубы полностью заменяются постоянными, риск их образования резко возрастает. Количество кариозных зубов уже в 9 лет во многом определяет состояние полости рта в будущем. Если в 9 лет имеется 1 такой зуб, то к 16-17 годам их будет не более 5, если 2-3, то 7-8, ну а если их 6 и более, то 9-10. Почему развивается кариес? Причин много и они разнообразные, природно-климатические условия, содержание минеральных солей в воздухе, почве и воде, характер питания и конечно же уход за зубами. Непосредственной причиной кариеса является гниение остатков пищи, застревающей между зубами. Вот почему нужно еще с дошкольного возраста приучать регулярно чистить зубы.

**Правила ухода за зубами:**

Чистить зубы надо утром и вечером перед сном. После окончания промытой щеткой провести 2-3 раза по поверхности языка и прополоскать рот

Щетка должна быть небольшой, жесткой, с короткой рабочей частью; менять щетку следует не реже 3 раз в год;

Нужно обязательно мыть щетку с мылом;

Никогда не есть сладости в промежутках между приемами пищи и после вечерней чистки зубов;

Советоваться с врачом, какой пастой чистить зубы и чем полоскать рот;

Заканчивать чистку тщательным полосканием рта водой до тех пор, пока не останется частиц порошка или пасты.

Очень важно обратить внимание и на прикус ребенка. Для лечения нужно обратиться к врачу ортодонту. Чем раньше начато лечение, тем лучше эффект.

Берегите зубы ребенка с детства

***Стоматолог Абакар АБАКАРОВ.***

# Поэзиялъул гьумер

МахIмуд ДАВУДХIАЖИЕВ, Дилим росу.

## ЧIагояб авар мацI буго бицине

Эбелалъул рахьгун нилъее кьураб,
МацI кьогIлъизабизе чияр бицунге.
Нилъей умумуца ирсалъе тараб,
Щай кIочене толеб дир магIарул мацI?

Жакъа лъималаца дадал бакIалда,
Папа-ян абула, сурун бугеб куц,
ХIеренай, хIалимай баба жийго тун,
Мама-ян ахIула, рекъон гьечIеб куц.

Нилъер гIумруялда кире кканиги,
БичIчIуна, гIурус мацI хIажалъулеблъи.
Амма бегьиларо дир магIарулал,
ГIагараб рахьдал мацI гьелъулъ хисизе.

ХIурмат тIадегIанал дир гьудулзаби,
Чияр бицунелъул, рахьдал кIочонге.
Нилъер миллаталъул чIухIилъун кколел,
МугIрул киданиги цереса унге.

Дун магIарул шагIир чIаго вукIаго,
ЧIагояб авар мацI бицине буго.
Пикрабалъ дир миллат бугебгIан мехалъ,
Хазина кинниги, цIунизе буго.

МухIамад БАЗАЕВ, Гуни росу.

## КъабихIаб херлъи

Кверал тIуртIулеб хIатIил кеп хвараб,
ХIалицаго гьава гьуъруца цIцIалеб,
Мугъзал гьод гIунулеб гIиндул гъугълъулеб
Гьаб-цо херлъиялъул къабихIлъиго щиб?

Гьурмал тIом гурулеб, габур гьетIулеб,
Хьухь бераздa лъолеб, нако хъигъалеб,
ХъахIаб кьералъ жинца бетIер басунеб
Гьаб-цо херлъиялъул къабихIлъиго щиб?

Цаби кIичI-кIичIулеб, гIусал портулеб,
КIалдиб лъураб кванил тIагIам лъалареб,
Лъим гIадин чорхол хIал къун тIагIун унеб
Гьаб цо херлъиялъул къадарлъиго щиб?

Нусабго саналда саву бетараб,
Чорхол берцинлъиялъ мугъ жинде бараб,
Ургьиб гьинал ракIалъ хIалхьи толареб,
Огь, гьаб херлъиялъул къабихIлъиго щиб?

Написат ГIАБДУЛМУСЛИМОВА, Дилим росу.

## Дир Дилим росу

ТIоцебесеб канлъи дие рагьараб,
ТIоцебесеб гали дида малъараб,
Дир гIагараб росу бокьулеб Дилим,
ГIумру жаниб унеб гьитIинаб улка.

ТIабигIат берцинаб, рохьал гIурччинаб,
МугIруз сверун къараб, къибла гвангъараб,
ГьечIо мун гIадинаб цоги росу дий.
ГьечIо мун гIадинаб цоги тIалъи дий.

Баракат цIикIкIараб ракьги дур гьаниб,
Бергьенлъи босулел васалги гьанир.
Дир гIумрудул магIна, дир рекIел дарман
Дуе мустахIикъай яслъун йик1ина.

Хайрудин ВИСАИТОВ, Калининаул росу

## Заманищ хисун бугеб?

Заманищ хисун бугеб?
Законищ чучлъун бугеб?
Чидаца гьабураб мал,
Бикъа-хъамулеб бугин.

Ниж чIахIияз гьабураб,
Кинабниги магIишат,
Дие щай-дие щаян,
ЧухIизе биччан бугин.

Росдал магIишаталъул,
ТIалаб-агъазго гьечIеб,
ЦIар гьалде кинан лъолеб,
РачIа ургъун бихьизин.

РекьичIогун хурзал тун,
Заз-хъархъие мегъал тун.
ПицIал ричундай гьанже
Яшав гьабизе кколеб?

Пихъил гъутIби чIоларел,
ЧIарал ракъвазе толел,
ГIумру яшав лъаларез,
Буго улка бихулеб.

Гъоб заман квешаб бугин,
Гьабцояб лъикIаб бугин,
«Аманхвадаца»буго,
Гьанже мадар гьабулеб.

КигIан ургъананиги,
Ургъараз бицаниги,
Цо жо буго балъгояб
Лъидаго бичIчIулареб.

ГIабдуразакъ МУХIАМАДОВ, ИчкIа росу.

## Лъай кьеялъул Къо!

Гьале тIаде щвана
Лъай кьеялъул Къо,
Къадруяб гIумру дуй
ХIажалъулеб къо.

Щивав инсанасе
Хасго лъимадуй,
ЛъайгIан къваригIараб
ГьечIин щибниги.

Бокьун буго жакъа
НасихIат гьабун,
Гьаризе нужеда
Лъай тIалаб гьабе!

Гьарула гIенекке
МугIалимзабахъ,
ГIадлу биххичIого
Жиб-жиб рагIудахъ.

Рукъор умумулги
Росу, районги,
ЛъикIаб цIалудалъун
ЧIухIизе гьаре.

ЧIел кибго босулел
ГIелму бергьарал,
ГIалимзаби рахъун
Роххизе гьаре.

Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.

## РачIа нилъ киналго цадахъ къеркьезин!

Нижей хIажат гьечIо гьаб ракьалда тIад
Экстремизм, терроризм, наркомания
РачIа гьел рагIаби ракьулъ рукъизин.
ТIокIал дунялалда рукIун гутIизе.

Гьез бесдал гьарула гIисинал лъимал,
ГIодизе гьарула нилъер умумул
ГIумру къокъ гьабула нилъер васазул,
Суризе гьабула тIолго сверухълъи.

Гьез риххизарула гьайбатал рукъзал ,
РухIизе гьарула ахал ва хурзал,
Гьез къотIизарула хIанчIазул бакънал,
Бакъул канлъи зодоб свине гьабула.

РачIа нилъ киназго ахIун абизин
Нижее ракьалда рекъел бокьулин!
РачIа нилъ киналго цадахъ къеркьезин
Ракьалда даимго гIумру букIине!

ТалихIаб лъимадул релъи рагIизе,
Киниддахъ ахIулел кучIдул ахIизе,
Анищал тIуразе, гъутIби тIегьазе,
ТIолабго сверухълъи гвангъун букIине.

Мух1амад МУСАЕВ, (9 классалъул ц1алдохъан) Ичк1а росу.

## Эбелалде

Эбел абураб рагIул магIна кIудияб буго,
Гьединлъидал дица дуй къулула даим бет1ер.
Баркала дуй хирияй, гьабулеб хъулухъалъухъ,
Дие гIоло рогьарал макьу тарал сардазухъ.

Дур рагIул хIеренлъиги, дур кверазул тамахлъиги,
Киданиги дида гьеб кIочон толеб жо гуро.
Эбел нагагь унтани, дун къварид вукIунеб куц,
Мун камун хутIилилан дун хIинкъун вукIунеб куц.

Мун гьечIеб гьаб дуниял, дие щайилан ккана,
Гьединал пикрабазги дир ракI унтулеб буго.
Эбел, къойил дуй талихI, дица гьарулеб буго,
Таги сахлъиялдаян ахIун абулеб буго..

ПатIимат ХIАЙБУЛАЕВА, ИчкIа росу.

## ГIадан квешлъун вуго...

ГIадан квешлъун вуго гьаб ракьалда тIад,
Аллагьан кIал буго кIалъалеб мехалъ.
Амма рекIелъ иман батулеб гьечIо,
Илбисалъул нуха хьвадулел руго.

Эбел-эмен камун хутIарал лъимал,
Кинаб къисматалъул бетIергьаби нуж?
Нужеда гурхIулев чиго вукIунищ?
ХIажатаб щибилан щивго кIалъалищ?

Къварилъи ккаразе кумек гьабизе,
Квер бегьулев чиго ватулев гьечIо,
Квешаб гIамал гьабун,гьереси бицун,
Жал кутакалилан лъугьунел руго.

Бечедал рохараб, мискин гIодараб
БичIчIунареб заман, тIаде щун буго.
Амма лъайха нужеда доб тушман-гIарац,
Кидаго кисиниб хутIулареблъи.

*Инсан ва г1умру*

# Гьадинаб ккана къисмат

Г1абдуразакъовазул хъизан лъаларел чаг1и Ичк1аялда ратиларин абуни, дун мекъи ккеларо. Гьел росуцоязда лъала, г1араб г1елмуялде рокьи бугел, дин-исламалъул тартиб ц1унарал, диниял чаг1и х1исабалда. Гьелъие нуг1лъи гьабула гьадинал х1ужаялъ. Г1абдуразакъил эмен Г1абдулах1ажи ункъо нухалъ лъелго ун вуго х1ежалде. Ункъабилеб нухалда х1ежалдаса вач1инаго, гьев гамида т1ад унтун вуго. Турциялъул тахшагьар Стамбулалде щолеб бак1алда къадаралдеги щун вуго.

Гамида т1ад жаназа бугони, ралъад гьалаглъулин абун, гьесул жаназа ралъдалъе рехун буго. Гьеб ралъдалъе



рехулеб мехалъ, гьенисан къват1ибе баккун бач1араб к1удияб ччуг1ица жаназа къулч1ун буго.

Г1абдулах1ажи гьавураб ва хвараб заман лъаларо. Лъала гьес г1емерал соназ Ичк1а росдал жамаг1аталъе имамлъи гьабун бук1ин ва вабаалъул унтиги баккун, хварал чаг1и т1ад рет1елгун рукъизе кколин г1адамаз абулеб мехалдаги гьес, квердаххелалги рет1ун, гьурмада чортоги бухьун, хваразул жаназаби, мусруги бан, ахираталъул рукъоре рег1араллъи ва гьесул х1акъалда цогидал г1алимзабаз назмабигицин хъван рук1араллъи.



Г1абдулах1ажил вас Г1абдуразакъги вук1уна эменго г1адин ц1аларав, г1елмуялда т1ад ч1арав росдал имам. 1929 соналъ гьев г1алимчийинги абун, вит1ула Астраханалде. Гьенив, цо сон сверилалдего, ц1огьорасул носол ругъунги щун, къадаралде щола.

Гьаб сураталда нужеда бихьула. Астрахань шагьаралда бусурбабазул хабалалъ бугеб гьесул хоб.



*Х1оцоса Нажмудин*

Г1абдуразакъил цоги вас Садыкъицаги жиндирго вас Г1абдулмуслимгун цадахъ гьесул хабаладе зиярат гьабуна дагьал церег1ан соназ.



*Маг1арулазул съездалъул г1ахьалчаг1и*

1918 соналъул январалда Темирхан Шураб т1обит1араб муг1рузул халкъалъул лъабабилеб съездалда Дагъистаналъул имамлъун вищула Х1оцоса Нажмудин. Гьесул цевесев кумекчи х1исабалда Г1абдуразакъ Астрахань шагьаралде вит1ула вольное поселениялде туснахъ гьавун.

Г1абдуразакъил вакьад-эмен Дациев Г1абдулмуслимги (Адук) вук1уна росулъ къадру-къимат бугев, динияв, лъик1аб яшав-маг1ишат бугев чи. Гьевги, къоабилеб



г1асруялъул 30-аб соназ, лъади Къурмангъизгун, кулак гьавун, вит1ула Казахстаналде.

Гьениве щун заман бахъилалдего гьев къадаралде щола ва гьенивго вукъула. Г1абдуразакъил к1удияв вас Г1абдулах1ажи, лъимерлъиялдаса нахъего к1удияв инсуцаги к1удияй эбелалъги хьихьула. 80 соналъул г1умруялда Къурмангъиз унтула. Росулъе гьеб хабар щварабго, х1инкъи бугеб заманалъухъ валагьич1ого, Г1абдулах1ажи уна Казахстаналде



гьелъул ах1вал-х1ал ц1ехезе.

Гьей унтун ятидал, х1укму гьабула, к1одоэбел росулъе ячине. Балъго поездалдаги яхинаюн, гьес гьей ячуна Гъизилюрт шагьаралде, гьениса росулъе швезег1ан рек1инаюла гьакида. Росулъе щун вахъинелде, лъица мац1 кьурабали лъаларо, т1аде щола НКВД-ялъул х1алт1ухъаби. Гьез, хех гьабун чол гьакидаги лъун, гьей Дилималде ячине х1укму гьабула. Росуцояз гьарула, Дилималде щвезег1ан хут1илей х1алалда гьеч1ин, гьей ячунгеян. Киг1ан гьараниги, НКВДялъулаз нахъего Казахистаналде йит1изе кколин гьеянги абун, гьоко рагьдаса къват1ибе бачуна. Г1абдуразакъил ч1ужу Шамалай г1одула, гьардола зах1мат унтарай эбел гьение ячунгеян. Гьелъухъ щивго г1енеккуларо. Г1абдулах1ажи, Къурмангъизил кверги ккун, гьакида цадахъ уна. Дилималде щолеб бак1алда гьей къадаралде щола. НКВДеялъ, Къурмангъиз хвеялъе документалги гьарун, Г1абдулах1ажие ихтияр кьола эбел рукъое ячине. Гьебго къоялъ, гьей мунагьал чурад, росдал хабалалъ юкъула.



1990 соналъ мекъи гочине гьарун рук1ун ругинги абун, Х1укумат гьезда т1аса лъугьана. Гьездаго цадахъ гочине гьарун рук1уна Г1абдуразакъил ункъг1ал Хъистаманги гьелъул рос Мах1амирзаев Загьирги. Загьир Хъазахъистаналдаго вукъула. Хъистаман гьениса т1ад юссун росулъеги яч1ун, Садикъил рукъой гьесул хъизан-лъималазда цадахъги йик1ун, 1970 соналъ къадаралде щола, росдал хабалалъ юкъула. 1929 соналъ Ичк1а росдал имам Г1абдуразакъов Г1абдуразакъ Астраханалде гочинавураб мехалъ, г1ажам т1ахьазда рук1ун руго гьев г1араб г1елмуялъул г1алимчи вук1иналъ гьесде гьарурал туркабиги назмабиги. Г1абдуразакъил хъизан Шамалай йик1ун йиго ц1акъ г1адан хирияй, квер г1ат1идай г1адан. Уна сонал, моц1ал, къоял. Байбихьула Ват1анияб рагъ.

Г1абдуразакъил к1удияв вас Г1абдулах1ажица Баг1араб Армиялда хъулухъ гьабула. 1942 соналъул 19 январалда бач1уна гьев рагъда ч1ванин абураб кагъат. Рак1алде щвеялъул т1ехьалда хъван буго Казбек райвоенкоматалъ армиялде ах1арав, гьит1инав сержант, 1141 кьвагь. полк, 341кьвагь. дивизиялъул мухъилав рагъухъан Г1абдуразакъов Г1абдулах1ажи вукъун вугин Харьков областалъул Двуречие районалъул, Топали росулъ вацазулаб №6 хобалда.



*Г1абдуразакъил вас Г1абдулах1ажи*



*Г1абдуразакъил вас Садыкъ*

Г1абдуразакъил гьит1инав вас Г1абдуразакъов Садыкъ Г1абдуразакъович гьавула 1924 соналъул июлалда Ичк1а росулъ. 1942 соналъул январалда моц1алда, вац ч1ванин кагъат бач1индал, гьев, хъван г1арзагун, уна военкоматалде. Садыкъил г1елалъул 7 г1олилазги гьарула жалги рагъде рит1еян. Гьел анкьалго г1олилал цадахъ армиялде уна, амма т1ад руссунаро ункъоял гурони. Гьезул цояв Садыкъ вач1ана орден, медалазул керенги ц1ун, цоабилеб группаялъул инвалидлъун. Рагъдаса вач1аралдасаги Садыкъ х1алт1ула г1емерал жавабиял х1алт1абазда. 2001 соналъул 29 августалда гьев г1умруялдаса ват1алъула.

*Мухтар ЧУПАЛАЕВ.*

*Дин ва г1умру*

### МАЛИК ИМАМАСУЛ ГІАМАЛ-ХАСИЯТ

Имам Малик вукІана борхатаб лагаялъул, беричаб сипаталъул, берцинаб гьумералъул, цІодорал беразул, битІараб мугъалъул, чергесаб къаркъалаялъул ва гІакъилаб каламалъул чи. Гьев гІодов чІараб мажлис гІодобе биччараб, берцинаб хІалалъул ва гІелмугин тІадегІанлъиялъул цІун букІунаан. ТІоцебе Маликица байбихьана хІадисалъул аслу балагьизе, ай хІадисал росулел гІадамазул гІумру, рукІа-рахъин ва гьезул ритІухълъиги иманги цІехезе.

Имамас фатваби, ай гІелмиял масъалабазе жавабал кьезе байбихьараб мехалъ, гьесул къого сон букІана. Маликица гІелмуялдаса фатваби кьолеб мехалъ, гьесдаса кІудиял гІалимзабаз гьел къабул гьаруна. Гьес рагІа-ракьанде щун, камилго ургъун гурого, фатваги кьечІо. Гьесул гІелмугун гІакълуялъе сверухъ ругел мукІурал рукІана.

Гьесул сахаватлъиялъул ва квербиччаялъул гІадамазда гьоркьоб цІар тІибитІун букІана. Исламияб хІукуматалъул рикІкІадал бакІаздаса гІадамал рачІунаан гьес рицунел хІадисазухъ ва гІелмуялъул дарсазухъ гІенеккизе.

Имам Маликие къамартІаб, берцинаб ретІел ретІине ва гьуинал махІал гьаризе бокьулаан. ТІаде балагьидал, берцинаб сипат-сураталда вукІунаан гьев кидаго. Гьесда тІад букІунаан Йеменалдаса, Хорасаналдаса ва Мисриялдаса батІи-батІияб хъахІаб ретІел. Гьединго къимат тІадегІанал, берцинал махІалги рукІунаан имамасдаса. ГІадамаз гІажаиблъи гьабулаан гьелда. Дунялалдаса ва гьелъул магІишаталдаса нахъегІан чІарав гьав гІадинав имамасе гьадигІан цІакь живго къачІан щайилан.

Имам Маликица гьезда абулаан: «ХІакълъунго, ТІадегІанав Аллагьасе бокьула Жиндирго нигІматалъул асар лагъасда тІад загьирлъун бихьизе»,ян.

ГІемер Аллагь рехсолев имам Маликил мацІ кидаго чІун букІунароан. Гьесул рекІелъа ва мацІалдаса даимго «Ла хІавла вала къувата илла биллагь» абураб калам камулароан. Имам Малик велъулеб мехалда, гьесул кІалдиса гьаракь бачІунароан ва киданиги кІалги рагьун гьев велъулароан, гьев берцинаб кьагІидаялъ гьимулаан.

Цо нухалъ гьесда гьикъана: ***«Мун щай велъуларев. гІицІго гьимун чІолев?»***-ан. Маликица абуна: ***«ГІемер велъиялъ инсан адаб теялде вачуна ва гьесул нич биххизабула. Аварагасул (с.гІ.с.) релъи-гьими букІана»,***-ян. Свалат салам лъеяв Аварагасул*(с.гІ.с.)* цІар бахъарабго, гьесул гьурмал кьер тІолаан, живго къулулаан. Гьес абулаан:***«Дида лъалеб жо нужедаги лъалебани, нужеца дида гІайиб чІваларо»***,-ан.

Гьев мубаракасул цІар киса-кибго машгьурлъун хадуса, киналго рахъаздаса гьесие гІемерал сайгъатал,боцІи-мал бачІунеб букІана. БачІарабго гІадин, гьесги, щибго нахъе течІого, кинабго лъикІаб рахъалде бикьун, тІагІине гьабулаан.

Имам Маликил букІана гІодобе биччараб, чІухІиялдаса рикІкІадаб, дунялалъул боцІи бакІариялъе жиндилъ бакІ гьечІеб, магІишаталде гьетІичІеб гІумру. ХвезегІан имам Малик жиндирго хъизангун цадахъ ужраги кьун ккураб рукъов вукІана. Цо къоялъ халифа Магьдица Маликида гьикъана: ***«Дур рукъ бугищ?»*** -ан. Гьес жаваб гьабуна гьечІилан.

### АВАРАГАСУЛ(с.гІ.в.с.) АДАБ ГЬАБИ

Бичасул Аварагасде *(с.гІ.с.)* бугеб адабалъ Малик имам Мадинаялда, лъелго гурони, рекІун хьвадулароан. ХІатта кидаго хІатІида гІицІго хьвадулаан. ХІадисазул суалалъ чи вачІани, цин какиеги чурун, чалмаги къан, гьуинаб махІги гьабун гурони, гьев къабул гьавулароан. Мадинаялда имамлъун вукІаго, Малик гьаракь борхун кІалъалароан.

Свалат салам лъеяв Авараг *(с.гІ.с.)* вокьиялъул, гьесул *(с.гІ.с.)* адаб гьабиялъул гІорхъи букІинчІо гьев мубаракасе. Нухда вилълъун унаго, гьикъани, гьес хІадис бицунароан, гьелъул хІурматги цІунун. ЛъикІ какиеги чурун, кІиго ракагІат какги бан, магжил расги ххан, черхалда гьуинал махІалги гьарун, тамахаб борхатаб бакІалда гІодовги чІун, цинги байбихьулаан гьес (с.гІ.с.) хІадис бицине. Дуца щай гьедин гьабулебан гьикъидал, гьес абулаан: «Дие Аварагасул *(с.гІ.с.)* хІадис кІодо гьабизе бокьула», -ян.

### АВАРАГ *(с.гІ.в.с.)* МАКЬИЛЪ ВИХЬИ

Цо нухалъ Халаф абулев чи Маликихъе вачІана. Маликица гьесда абуна: «Гьадаб какикь тІамулеб жоги кодобе борхун, гъоркье вакке», — ян. Гьеб борхун балагьидал, гьениб цо тІехь батана. Маликица абуна гьеб цІалеян. Гьеб батана Маликица жиндаго рихьарал макьаби хъвараб тІехь.

Маликица абуна:«Дида Авараг*(с.г1.с.)*жиндирго мажгиталъув макьилъ вихьана. Гьесда сверун ракІарун, гІемерал гІадамалги рихьана. Аварагас *(с.гІ.с.)* гьезда абуна:«Дица гьаб дирго минбаралда гъоркь гІемераб лъикІлъиги гІелмуги бакІарун буго. Дица Маликида амру гьабуна гьеб гІелму гІадамазда гьоркьоб тІибитІизе гьабе», -ян.

ТІадеги рахъун, нахъе унаго, гІадамаз абулеб букІана: ***«Гьедин бугони, Маликица гьабулеб жо- Аллагьас Жиндирго Аварагасде (с.гІ.с.) амру гьабураб жо ккола»,*** — ян. Гьеб макьуги Халафие бицун, Малик гІодана.

*«Ункъабго мазгьабалъул имамзаби» т1ехьалдаса босараб.*

*(Байбихьи 35 номералда)*

# Щивго к1очон гьеч1о,..

## ХIурматиял районцоял!

***«ВатIаналъул аскариял», «РакIалде щвеял» тIахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагIараб Армиялдеги ун, гьенир ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал.Гьезул къадар ц1ик1к1унеб буго 1600 ялдасаги.***

***Ахириял соназ Калининаулалдаса ХIажимухIамад ХIажимухIамадовас, Динуч Динаевас, Гертмаялдаса МухIамад Дадаевас,Дилималдаса МухIамадапанди Дадаевас, Ленинаулалдаса Минсултан ХIажимурадовас, Буртунаялдаса Мухтар Чупалаевас архиваздасан ралагьарал баяназда рекъон, жакъа къоялде гьезул къадар 2700ялдасаги цIик1к1унеб буго.***

***Гьединлъидал, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул хIукмуялда рекъон, гIуцIараб хасаб комиссиялъул пикру ккун буго ВатIанияб рагъде гIахьаллъаразул цIарал цIидасан газеталъул гьурмазда рахъизе ва, нужер кумекалдалъун, гьенир ругел хиса- басиялги рукIалиде ккезаризе.***

***Жакъасеб ва цебесеб газетазул номеразда нижеца рехсана нилъер районалъул Дилим росулъа рагъде аразул цIарал, хадусан рехсезе руго цогидал росабалъа гьенире гIахьаллъаразул цIаралги.***

***Дилималдаса:***
***(Фамилия ва ц1ар хъвалел руго г1урус мац1алда)***

1. ГАДЖИЕВ ДАДА,
2. ГАДЖИЕВ (ЗАКАРИЯВ) ЗАКАРЬЯ,
3. ГАДЖИЕВ (КАРИМУЛЛА
4. ГАДЖИЕВ АБДУРАХМАН,
5. КАРИМУДИН ИЗУДИНОВИЧ,
6. ГАДЖИЕВ МАГОМЕД,
7. ГАДЖИЕВ МАГОМЕД,
8. ГАДЖИЕВ МАХМЕД,
9. ГАДЖИЕВ УЗАЙРИ,
10. ГАДЖИЕВ УМАХАН ДАДА,
11. ГАДЖИЕВ УСАМУДИН,
12. ГАДЖИЕВ ШАМСУДИН,
13. ГАДЖИЕВ ЭМЕ ГАДЖИ,
14. ГАДЖИМУРАДОВ АБДУХАМИТ,
15. ГАДЖИХАНОВ М-РАСУЛ ИБРАГИМОВИЧ,
16. ГАДЖИХАНОВ РАШИДХАН,
17. ГАЗИХАНОВ РАСУЛ,
18. ГАИРБЕКОВ ТИМИР (ТЕМИРГЕРЕЙ) ГЕРЕЮЗИМОВИЧ,
19. ГАИРБЕКОВ УЗАЙРИ,
20. ГАМЗАТОВ ГАДЖИ,
21. ГАМЗАТОВ РАСУЛ,
22. ГАМИЕВ (ДЖАЛАВДИН) ШИЛАВДИН,
23. ГАНИШЕВ БОЛОЦИЛАВ,
24. ГАСАМОВ ДАДА СУЛТАНОВИЧ,
25. ГАСАНОВ АБДУЛА,
26. ГАСАНОВ ХАСБУЛА,
27. ГАСАНОВ ШАМСУДИН,
28. ГЕРЕЕВ ГАМЗАТХАН,
29. ГИТИНОВ ИРАСХАН БИАСЛАНОВИЧ,
30. ГОНОМАТ (ГУСЕН) ГОСЕП,
31. ГОНОМАТОВ РАСУЛ ИМЕЕВИЧ,
32. ГУЖАКАЕВ ГАНЖАБАЙ,
33. ДАДАЕВ ЗАЙНОЛАБИД,
34. ДАДАЕВ ЗАЙНУТДИН,
35. ДАРБИШЕВ АСХАБ,
36. ДАРБИШЕВ (ДАРБЫШЕВ) ИСМАИЛ ХАДЖИЕВИЧ,
37. ДАЦИЕВ МАГОМЕД АБДУЛЛАЕВИЧ,
38. ДЖАВАТХАНОВ АЛИ,
39. ДЖАЙРУЛАЕВ АБДУРАХМАН,
40. ДЖАМАЛОВ АЛИКАДЫР
41. ДЖАМБИЕВ САИД БАТИНОВИЧ,
42. ДЖАМИЕВ БУДАЙХАН,
43. ДЖАРУЛАЕВ АХМАДБАШИР,
44. ДЖАВАТХАНОВ АЛИ,
45. ДУДУЕВ САЙПУДИН,
46. ДУДУЕВ ШАРИП,
47. ЗАЙНАЛАБИДОВ АБУБАКАР,
48. ЗАКАЕВ ТАГИР,
49. ЗАКАЕВ ТАГИР,
50. ЗУБАЙРИЕВ ПАЗИЛ,
51. ИБРАГИМОВ АБДУЛАГАВ,
52. ИБРАГИМОВ УСТОРГОЛЬ,
53. ИБРАГИМОВ ЮСУП,
54. ИДРИСОВ ДАДА,
55. ИММУЛАЕВ (ГАДЖИ) ХАДЖИ,
56. ИРАЗИХАБИЕВ МАГОМЕДРАСУЛ,
57. ИСАЕВ ИСА
58. ИСАКОВ МУСАГАДЖИ,
59. ИСАКОВ СЕРГО,
60. ИСХАНОВ (ИСХАКОВ) МАГОМЕД,
61. КАЙТУКАЕВ (АБДУЛГАИБ) АБДУЛ КАЛИБ,
62. КАЧАЛОВ УСМАН,
63. КУЛИЕВ МАГОМЕД Н.,
64. КУМАЕВ МАГОМЕТ (МАГОМЕДКАГИР) КАПРОВИЧ,
65. КУРБАНОВ ГАЖИ,
66. КУРБАНОВ КАДЖИ КУРБАНОВИЧ,
67. КУРБАНОВ РАСУЛ,
68. КУРБАНОВ УБАИС,
69. КУРБАНОВ ХАЖЕ (ХАЖИКУРБАН) КУСБАНОВИЧ,
70. КУТАРАЕВ НАБИ,
71. КУЦУЛОВ НОФИМ,
72. ЛАГИТОВ (ЛАХИТОВ) ИГИТ ИГИТОВИЧ,
73. ЛАЛАЕВ ИРИСБИ,
74. ЛАПАЕВ ИРИСТ,
75. ЛАТИПОВ ГАЗИХМА,
76. ЛАХИТОВ АБДУРАШИД,
77. ЛАХИТОВ ГАДЖИ,
78. МААДИНОВ АЗИЗ,
79. МАГАМЕДАЗИЗОВ ЕЛЬДАР,
80. МАГОМАЕВА-ЧУРИКОВА ЮЛИЯ ИВАНОВНА,
81. МАГОМБЕТОВ АСЕДАН АКСЕВИЧ,
82. МАГОМЕД (МАГОМЕДОВ) ШАМСУДИН,
83. МАГОМЕДАЗИЗОВ ЭЛЬДАР,
84. МАГОМЕДАЛИЕВ МАГОМЕД,
85. .МАГОМЕДАЛИЕВ МАНСУР,
86. МАГОМЕДОВ АБДУБАСЫР,
87. МАГОМЕДОВ АБДУЛ МИМУЛАТОВИЧ,
88. МАГОМЕДОВ АБДУЛ ХАТИМОВИЧ,
89. МАГОМЕДОВ АБДУЛГАПУР,
90. МАГОМЕДОВ (АБДУЛХАКИМ) АБДУЛХАН,
91. МАГОМЕДОВ АБДУХАКИМ,
92. МАГОМЕДОВ АСИРДИН,
93. МАГОМЕДОВ АХМЕД,
94. МАГОМЕДОВ ГАСАН,
95. МАГОМЕДОВ ГАСАНГИЛАВ,
96. МАГОМЕДОВ ДЕВЛЕТ,
97. МАГОМЕДОВ ДИБИРАЛИ,
98. МАГОМЕДОВ КАМАЛДИН,
99. МАГОМЕДОВ РАСУЛ,
100. МАГОМЕДОВ (САЛИМГЕРЕЙ) САЛИНГЕРЕЙ,

*(Хадусеб бук1ине буго)*

*Спорт- инсанасул сахлъи*

# Шахматал хIаялъул къецал

21-27 августалда, канлъи дагьазда гьоркьоб, Избербаш шагьаралда тIобитIана шахматалгун шашкаби хIаялъул Дагъистаналъул чемпионат. Гьенибе гIахьаллъи гьабуна нилъер районалдаса командаялъги. Гьединаб кIваралъул тадбиразда гIахьаллъиялъул хIалбихьи гьечIониги, нилъер командаялъ гьеб чемпионаталда рихьизаруна лъикIал хIасилал. Гьенив, шахматал хIаялъул рахъалъ, кIиабилеб бакIалде вачIана Дубки посёлокалдаса АгъахIажи МухIамадов.

***МахIмуд АБУЛАЕВ,***
***ВОСалъул районалда бугеб отделениялъул председатель.***

# Буртунаялда мажлис



4 сентябралда, итни къоялъул къаси Буртунай росдал к1удияб мажгиталда т1обит1ана диниял церехъабазул ваг1за-насих1аталъухъ г1енеккизе рач1аразул мажлис.

Гьенив к1алъазе вахъана Бабаюрт районалда бугеб буртабазул Учтюби росдал имам Исмаг1ил Исмаг1илов.

Гьесул к1алъаялъул тема бук1ана ***«Исламияб диналда бусурманчиясе хьвада-ч1вадиялъе бихьизабураб нух»*** - абураб.

Хадусан, ***«Ислам ва терроризм»*** абураб темаялда к1алъазе вахъана «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул х1алт1ухъан Шамил Абубакаров.

***«Аллагьасул калам Къуръаналда бихьиназул х1акъалъулъ бицен кинаб бугеб?»*** абураб темаялда ваг1за гьабуна Хасавюрт шагьаралдаса г1алим Рамазан Г1алиевас.

Данделъи ахиралде щвана Буртунай росдал мажгиталъул имам Рамазан Къасумовасул к1алъаялдалъун. Хадусеб мажлис т1обит1изе бицана 2 октябралда Х1амзаюрталда.

***ИНФОРМЦЕНТР.***

## Херазул Совет

***2017 соналъ Дилим росдал администрациялда цебе г1уц1араб Херазул Советалъул членазул сиях1:***

1. Х1ажиев Имулав Х1ажиевич – председатель
2. Къурбанов Шамил Къурбанх1ажиевич
3. Г1азаев Муса Мух1амадович
4. Насрудинов Изамудин Г1айнудинович
5. Мух1амадг1алиев Жамалдин М-г1алиевич
6. Темирбулатов М-расул М-мансурович
7. Абакаров Паша Абакарович
8. Муртазг1алиев Х1ажи Муртазг1алиевич
9. Расулов Билал Расулович
10. Шираев Паша Юсупович
11. Мансуров Мусакай Т1арикьатович
12. Мух1амадов Халит Мух1амадович
13. Насирдинов Ах1мадмансур Г1абдулбасирович
14. Х1ажиев Каримудин Рашидович
15. М-т1агьиров Г1абдурапиль М-т1агьирович

***Дилим росдал администрациялъул бет1ер***
***И.М.МУХ1АМАДОВ.***

# Объявление

Утерянный аттестат А №120634 о полном среднем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №1 в 1990 году на имя **Абулаевой Хадижат Алимхановны,** считать недействительным.

***БетIерав редактор:***
***Мухтар Чупалаев***
***тел: 55-48-94***
***Жавабияв секретарь:***
***Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов***
***тел: 55-48-95***

***Мухбирзаби:***
***ХIалимат Каримова,***
***Ибрагьим Идрисов***
***Сапият Султанмух1амадова***
***Фотомухбир:***
***Насрудин Абужанатов***

***Набор: Меседо ХIайбаева***
***Верстка: Марьям АтавхIажиева Зайнаб Г1абдулмуслимова***
***Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42***

***Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"***
***Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141***
***Индекс: 51354***
***Заказ №139 Тираж 1350***

***Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290***

***Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола***

Ассаламу гІалайкум, казбекалъул жамагІат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 36 (93174) / 11 сентябрь 2017 с. / итни 13 Зуль-х1иджа 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## 15 СЕНТЯБРЯ - ДЕНЬ ЕДИНСТВА НАРОДОВ ДАГЕСТАНА

***День единства народов Дагестана –республиканский праздник, который, начиная с 2011 года, отмечается ежегодно 15 сентября. Он установлен Указом №104 от 06.07.2011 г., в целях единения и консолидации многонационального народа Дагестана и является официальным выходным днём.***

# Поздравляем!

### Уважаемые жители района!

15 сентября отмечается один из республиканских праздников-День единства народов Дагестана. Празднуя этот день, мы проявляем любовь и уважение к нашему прошлому. Заботьтесь о том, чтобы подрастающее поколение берегло и любило прошлое Дагестана.

От всей души поздравляем вас с этим светлым праздником !

Желаем вам крепкого здоровья, процветания во всех делах и мира. Пусть никто и никогда не омрачаем вашу жизнь.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г. М. ГИРИСХАНОВ.*

..........................................................................................

**УВАЖАЕМЫЙЕ КАЗБЕКОВЦЫ!**

Мы горды тем, что ходим по земле, которая пропитана до мельчайшей крупицы прошлым. А прошлое – это история, которую мы должны чтить. Мы обязаны сберечь наследие, которое завещали предки, и передашть его своим детям. Пусть история всегда живёт в нашей памяти.

От всего сердца поздравляем вас с этим замечательным праздником.

Желаем вам крепкого здоровья, счастья и успехов в ваших начинаниях.

*Секретарь политсовета Казбековского Местного отделения ВПП «Единая Россия». Д. Г. МАХАЧЕВ.*
*Депутат НС РД М._п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ.*

..........................................................................................

*Х1УРМАТИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ!*

15 сентябралда к1одо гьабула Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо. Тарихалдасан лъала, т1аде къо ккарабго, нилъер г1емер милатазул халкъ цолъулеб ва гьелдалъун гьелъ жибго ц1унулеб бук1арабльи. Нилъеда т1адаб буго гьеб цолъи ц1унизе ва наслабазухъе кьезе.

Баркула нужеда цолъиялъул Къо.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.

*Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1. АДИМИРЗАЕВ.*
*Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х. МУХ1АМАДХ1АБИБОВ.*
*Харабазул Советалъул председатель М. ЧУПАЛАЕВ.*

# Къураб раг1уе гьев хисуларо



ГІемер бицуна ва хъвала батІи-батІияв гІадамазул кверг1атІилъиялъул,гьез гьабулеб гурхІел-рахІмуялъулаб кумекалъул. Щаклъи гьечІого,гьединазул цоявлъун ккола Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п.(К.-п.) Д. ГІумаханов. «Чапар» газеталда г1емерал макъалаби рук1уна жидее кумек гьабурал гІадамаз, гІуцІабаз, гьесие баркала загьир гьабун, хъварал.

25 августалда дица бетІерлъи гьабулеб сакъатал лъималазул Централде рачІана-М.-п.(К.-п.) Д. ГІумахановасул кумекчаг1и: Нурудин ГІумаров ва СагІид Алтумирзаев.Нижергун букІараб дандчІваялда гьез абуна: ***«Ниж нужехъе ритІана М.-п.(К.-п.) Д. ГІумахановас, жиндирго рахъалдасан, лъималазе гьуинал нигІматазул гІуцІарал къучІби росун »***,-ан.

Гьединго, нижер централъул лъимал кваналеб рукъоб лъолеб къайи бачІинеги бицун буго депутатас. РакІчІола гьеб кумекги, кватІизе теч1ого, М.-п.(К.-п.) Д. ГІумахановас т1убазе бук1иналда. Лъала къураб раг1уе гьев хисулареблъи.

*Фатима СУЛТАНМУРАДОВА, сакъатал лъималазул Централъул директор.*

# Администрациялда

5 сентябралда районалъул администрациялда т1обит1ана аппараталъул иргадулаб данделъи.



Гьенире г1ахьаллъана-«Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместителал: И.И.Шабазов, И.Б.Салимханов, З.Н.Эмеев, Хасавюрт шагьаралда бугеб, районазда гьоркьосеб налогазул инспекциялъул начальникасул заместитель М.Х. Мух1амадов, росабазул администрациябазул бут1рул ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

Данделъиялъул хал гьабиялде босараб, 14 сентябралда районалда т1обит1изе бугеб Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул къоялда хурхараб тадбиралъул бицун, к1алъазе вахъана райадминистрациялъул аппаратал1е нухмалъулев Г1.П.Базаев.

Налогал рак1ариялъул ах1вал-х1алалъул бицун к1алъазе вахъана экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъе нухмалъулев Д.З.Сайдулаев.

Данделъи ахиралде щвана гьенир г1ахьаллъаразул суалазе М.Мух1амадовас жавабал кьеялдалъун.

*Сапият СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.*

# Терроризмалде данде

4 сентябралда районалда т1обит1ана, лъабабилеб сентябралда ч1езабун бугеб, терроризмалде данде рагъ гьабиялъул рахъ кквеялъул къоялда хурхун, данделъи.



Райадминистрациялъул бихьизабиялда рекъон, культураялъул Централъ, КЦСОНалъ, лъайкьеялъул управлениялъ, цадахъ рекъон, т1обит1араб гьеб данделъиялда докладгун к1алъазе вахъана «Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель И.Б. Салимханов.

Дагьал цереr1ан соназ Бесланалда бук1араб терактальe наг1ана къун, к1алъазе рахъана - Дилим росдал лицеялъул директорасул заместитель Наида Мух1амадова, ОМВДялда цебе г1уц1араб балугълъиялде рахинч1ел лъималазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул инспектор Мадина Темирбулатова, Хубар росдал культурияб Рукъалъул директор Сакинат Г1абдуразакъова, Дагъистаналъул муфтиятялда цебе г1уц1араб рух1ияб лъайкьеялъул отделалъул х1алт1ухъан Исламудин Темирбулатов ва гь.ц.

Гьенир г1ахьаллъаразда цере музыкалияб композициягун рахъана №1 «Маргьа» лъималазул ахалъул гьит1ичал, Дилим росдал лицеялъул, гимназиялъул, Калининаул ва Хубар росабазул школазул ц1алдохъаби.

Минуталъул сих1къот1иялдалъун, гьеб данделъиялда рак1алде щвезаруна терактазул х1асилалда г1умруялдаса рат1алъарал г1адамал.

Тадбир бачана районалъул культураялъул х1алт1ухън Рамазан Гьанищевас ва социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Централъул х1алт1ухъан Мадина Х1апизовалъ.

*Ибрагьим ИДРИСОВ.*

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**